

Aksè nan Lang

Popilasyon ak Konpetans Limite Nan Lang Angle Vil New York

Avèk plis pase 3 milyon rezidan etranje ki soti nan plis pase 200 peyi diferan, New York se lakay youn nan popilasyon ki pi divès nan mond lan. Rezidan New York yo soti nan tout kwen nan glòb lan epi yo pale plis pase 200 lang diferan.

Prèske mwatye nan tout rezidan New York yo pale yon lang ki pa angle lakay yo, epi prèske 25%, oswa 1.8 milyon moun, pa Konpetan nan Lang Angle.

Pou rezidan New York sa yo, kominike avèk Gouvènman Minisipal la ka souvan yon defi. Pou jwenn yon solisyon, nan mwa fevriye 2017, Konsèy Minisipal la te pase lwa Lokal No. 30, ki te mande tout ajans Minisipal bay opòtinite pou moun ak Angle Limite yo kapab kominike ak resevwa sèvis. Konfòmman ak lwa Lokal No. 30, Depatman Planifikasyon Minisipal (Department of City Planning) te devlope yon Plan Aksè nan Lang ki chèche asire bonjan aksè nan sèvis ki pi enpòtan nou yo.

Gade nan [NYC Department of City Planning Language Access Plan](#) (Plan Aksè nan Lang Depatman Planifikasyon Minisipal Vil New York).

W ap jwenn enfòmasyon sou Rezidan New York ak Konpetans Limite nan Lang Angle yo nan [American Community Survey Data](#) (Done Sondaj sou Kominote Ameriken).

Gen Sèvis Depatman Planifikasyon Minisipal Disponib pou Rezidan New York ak Konpetans Limite nan Lang Angle yo

Patisipasyon piblik la se yon aspè enpòtan nan desizyon sou fason pou itilize tè nan New York, epi Depatman Planifikasyon Minisipal vil la ap chèche asire lang pa anpeche moun patisipe. Anba a w ap jwenn enfòmasyon sou pwosesis ak sèvis Depatman Planifikasyon Minisipal la, ak sèvis ki disponib espesyalman pou moun ki pa pale angle byen yo. Tanpri sonje tout seksyon nan sit wèb Depatman Planifikasyon Minisipal la disponib lè ou chwazi "Translate" (Tradwi) anlè sou sitwèb Depatman an.

Temwaye nan yon Komisyon Planifikasyon Minisipal

Enskri non ou pou w ka pale: Komisyon Planifikasyon Minisipal la aksepte temwayaj nan lang angle, panyòl, chinwa (tankou mandaren, kantonè ak taywanè), ris, bengali, kreyòl ayisyen, koreyen, arab, oudou, fransè, ak polonè ("lang yo nome pou tout vil la"). N ap mande nenpòt moun ki vle pale sou kesyon yo ki nan lis anba "Odyans Piblik" ki nan Kalandriye sa a, pou ranpli yon fich pou moun ki vle pale ki disponib nan biwo manm pèsònèl la deyò chanm odyans yo nan jou odyans lan. Ofisyèl piblik yo pral gen priyorite pou pale. Y ap tande premye senk (5) moun ki pal an favè yo epi y ap bay opòtinite pou konkli temwayaj yo avan yo tande pwochen senk (5) moun k ap pale kont yo. Odyans lan ap kontinye nan fason sa a jiskaske tout moun k ap pale yo te gen yon opòtinite pou yo fè tande vwa yo. Si ou bezwen sèvis entèpretasyon, manm pèsònèl Komisyon an ap eseye jwenn yon entèprèt pou ou. Y ap rele moun k ap pale ak yon entèprèt yo san yo pa swiv lòd sa a nan selon sa Prezidan Komisyon an deside. Si pa gen entèprèt ki disponib, w ap ka temwaye kanmenm. Yo pral anrejistre temwayaj ou a epi y ap voye tradiksyon an bay Komisyon a nan yon dat pi devan.

Temwayaj: Lè yo rele non ou, pase devan podyòm nan. Si li disponib, entèprèt la pral mennen ou nan podyòm la. Si pa gen entèprèt ki disponib, Prezidan Komisyon an ap endike kilè ou ta dwe kòmanse avèk temwayaj ou a. Tanpri pale klè nan mikwo a. Pou bay lòt moun yo yon opòtinite pou pale, nou mande pou tout moun k ap pale yo pa pale pou plis pase twa (3) minit. Moun ki itilize yon entèprèt yo ap gen senk (5) minit disponib. Moun ki chwazi temwanye nan lang natifnatal yo (ki pa angle) ap gen twa (3) minit, epi yo pral tradwi temwayaj la pou CPC pita. Y ap sonnen yon klòch lè tan ou fini.

Kòmantè Elektwonik: Nenpòt moun ki vle prezante enfòmasyon oswa bay komisyon an pwendvi yo sou yon kesyon ki nan kalandriye sa a, men ki pa kapab oswa ki pa vle pale nan odyans piblik la, n ap mande pou yo soumèt kòmantè yo pa mwayen elektwonik ak fòm kòmantè CPCP ki nan paj sou rankont piblik sitwèb Depatman Planifikasyon Minisipal la. Nou aksepte kòmantè yo nan lang yo ki nome pou tout vil la.

Kòmantè Alekri: Nenpòt moun ki vle prezante enfòmasyon oswa bay komisyon an pwendvi yo sou yon kesyon ki nan kalandriye sa a, men ki pa kapab oswa ki pa vle pale nan odyans piblik la, kapab ranpli fòm ki anba a tou epi retounen li nan biwo ki deyò chanm odyans yo, oswa voye kòmantè alekri yo pa lapòs nan lang yo ki nome pou tout vil la.

City Planning Commission
Calendar Information Office – 31st Floor
120 Broadway
New York, NY 10271

Komisyon an depann sou sèvis entèprèt benevòl, epi nou mande pou ou pran gen yon ti pasyans pandan n ap akomode bezwen entèpretasyon ou yo. Pou bay Komisyon an avètisman davans sou yon demann pou sèvis entèpretasyon nan yon odyans k ap vini, tanpri kontakte Kòdonatè Aksè nan Lang DCP Dominick Answini, Asistan Avoka, nan (212) 720-3676, danswin@planning.nyc.gov.

Èd Teknik

Depatman Planifikasyon Minisipal la bay enfòmasyon sou planifikasyon ak enfòmasyon sou itilizasyon tè bay piblik la kote yo bay èd dirèk nan biwo minisipal nou yo ak Biwo Èd Zonaj la. Gen plis enfòmasyon pou piblik la sou sitwèb la.

Tout biwo ki bay èd piblik nan Depatman Planifikasyon Minisipal la ekipe pou ede moun ki pa pale anglè byen yo, kote yo itilize benevòl ki travay nan biwo a oswa entèprèt nan telefòn.

W ap jwenn yon lis enfòmasyon pou kontakte Biwo Planifikasyon Minisipal yo [la a](#). Tanpri pran yon ti pasyans pandan anplwaye nou yo ap idantifye yon entèprèt ki apwopriye pou ede ou.

Pwosesis Aplikasyon an

Pifò devlopman nan Vil New York fèt ak dwa, sètadi yon devlopman pwopoze ki konfòme ak Rezolisyon Dekoupaj la epi ki kalifye pou yon pèmi bilding yo administre nan [Depatman Bilding](#) nan. Men, pwojè ki bezwen egzamen oswa apwobasyon espesyal yo, oswa modifikasyon nan règleman dekoupaj ki genyen yo bezwen pou Depatman an ak Komisyon Planifikasyon Ibèn nan egzaminen yo.

Avan kòmansman egzamen piblik fòmèl yon aplikasyon, ki rele [Pwosedi Egzamen Itilizasyon Teren Inifòm](#) oswa ULURP, Planifikasyon Ibèn ap evalye yon aplikasyon pou wè si li konplè. Peryòd tan an

premye kontak yon aplikan ak DCP jiska kòmansman ULURP a rele pwosesis pre-sètifikasyon. Pwosesis pre-sètifikasyon an gen de (2) egzamen paralèl: yon egzamen itilizasyon teren aplikasyon an pou garanti aplikasyon an konplè ak teknikman kòrèk ak yon egzamen anviwònmanal objektif li se pou devwale ak analize nenpòt enpak pwopozisyon devlopman an ka deklanche. Apre de (2) egzamen sa yo fini, aplikasyon an ka kòmanse pwosesis egzamen piblik la.

Paj sa a bay yon apèsi sou etap nan pwosesis Aplikasyon an.

[Etap 1: Konprann sa ki Otorize sou Pwopriyete ou a](#)

Al gade nan resous Planifikasyon Ibèn yo pou konprann sa ki otorize sou pwopriyete ou a.

[Etap 2: Kòmanse Pwosesis Pre-sètifikasyon an](#)

Apre ou fin detèmine dekoupaj ki egziste deja a pa otorize pwopozisyon devlopman ou an, ou pare pou kòmanse [pwosesis pre-sètifikasyon an](#).

[Etap 3: Preparasyon Aplikasyon pou Itilizasyon Teren ak Anviwònmanal](#)

Apre yo fin detèmine aksyon itilizasyon teren yo ak nivo egzamen anviwònmanal yo, ou ka kòmanse prepare itilizasyon teren ak anviwònmanal yo. Avan ou depoze yo, Planifikasyon Ibèn pral egzaminen ak fè kòmantè sou aplikasyon pou bouyon yo.

[Etap 4: Fason pou Depoze Aplikasyon ak Peye Frè](#)

Apre yo fin resevwa aplikasyon an epi ou peye [frè](#) ki asosye yo, ou ka depoze ak [depoze](#) li fòmèlman ak Planifikasyon Ibèn.

[Etap 5: Pwosesis ULURP la](#)

Pou yo kapab apwouve li, yon kantite aplikasyon dwe pase nan Pwosedi Egzamen Itilizasyon Teren Inifòm Vil New York la, ki kodifye pwosesis egzamen piblik la. Pou aplikasyon an ka antre nan pwosesis ULURP la, Planifikasyon Ibèn bezwen sètifye li konplè. Pou aplikasyon ki pa ULURP, Depatman Planifikasyon Ibèn oswa Prezidan Komisyon an ap bezwen egzaminen ak apwouve li.

Enfòmasyon sou Zonaj

Kilè ak poukisa yo te kreye zonaj?

Zonaj se yon zouti kle pou planifikasyon

Endistriyalizasyon atravè Lamerik ak Lewòp te pouse yon konsantrasyon sou sante piblik nan planifikasyon konstriksyon lojman, amelyorasyon sanitasyon, ak - sa ki pi enpòtan- aksè nan rekreyasyon ak yon fason apwopriye pou divize vil yo atravè zonaj pou reyalize ekonomi ak efikasite. Epòk sa a te obsève kòmansman amenajman iben kòm yon domèn pwofesyonèl.

Ansanm ak pouvwa vil la pou kreye bidjè, taks, ak kondannan pwopriyete, zonaj se yon zouti kle pou mete ann aplikasyon règleman planifikasyon. Pouvwa Vil New York pou kontwole itilizasyon, gwosè, danzite bilding, pou ankouraje lojman abòdab, ak pou pwoteje sit ki gen enpòtans istorik atravè zonaj sòti nan eta a, ki bay minisipalite yo pouvwa pou kontwole itilizasyon tè nan yon fason ki fèt pou ankouraje sante piblik ak byennèt.

Rezolisyon Zonaj 1916 la

Vil New York City te kreye premye kòd zonaj nan tout yon vil pou peyi nou an, Rezolisyon Zonaj 1916 la (1916 ZR), ki te reflekte enterè minisipalite ak lokal yo.

ZR 1916 la te gen yon gwo enfliyans sou devlopman iben atravè nasyon an ak nan tout mond lan. Apre yon gwo desizyon Tribinal Siprèm Etazini te konfime validite zonaj la (Village of Euclid, Ohio kont Ambler Realty Co. 1926), anpil vil ak vilaj Ozetazini te devlope òdonans ak kontwòl zonaj yo. Apre Gran Depresyon an, planifikasyon minisipal te vin yon fonksyon prensipal nan gouvènman lokal, ak plizyè teyori ak modèl pou planifikasyon ideyal ka evolye.

Rezolisyon Zonaj 1961 la

Premye chanjman enpòtan nan ZR 1916 la te fèt an 1961. Depi Rezolisyon Zonaj 1961 la te pase, nou te kontinye devlope nouvo apwòch pou abòde pwoblèm ak opòtinite ki te prezante pandan Vil New York t ap grandi ak chanje.

Depatman Planifikasyon Minisipal la kontinye amelyore Rezolisyon Zonaj la pou fè li pi solid ak responsiv, pou abòde pwoblèm karaktè sosyal ak egalite sosyal ansanm ak pou ede ankouraje investisman estratejik nan avni vil la. Planifikasyon kontanporen sèvi ak yon apwòch kolaborasyon ki ankouraje plis kolaborasyon ak patisipasyon pase sa ki te gen nan peryòd avan yo.

Pwosesis Zonaj la

Kijan yo fè respekte politik zonaj yo?

Se Depatman Konstriksyon Vil New York ([NYC Department of Buildings, DOB](#)) ki gen responsablite prensipal pou entèprete ak fè respekte Rezolisyon Zonaj Vil la pou asire yo itilize sit bilding ak konstriksyon yo san danje ak yon fason legal nan tout Vil la. Pami lòt responsablite, DOB a:

- Bay pèmi konstriksyon apre li detèmine yo konfòme ak [Rezolisyon Zonaj](#) la ak [Kòd Konstriksyon](#) an
- Egzaminen aplikasyon yo epi bay sètifika okipasyon, ki pèmèt yo travay sou sit yo legalman
- Entèprete dispozisyon nan Rezolisyon Zonaj la, Komite Estanda ak Kontestasyon ([Board of Standards and Appeals, BSA](#)) gen dwa pou konteste, epi bay enstriksyon pwosediral pou administre li
- Pase lòd pou korije nenpòt vyolasyon zonaj epi, jan sa apwopriye, pouswiv mon ki vyole règ yo
- Kenbe dosye piblik tout pèmi konstriksyon, sètifika okipasyon, enspeksyon, vyolasyon, ak lòt enfòmasyon sou pwofil pwopriyete

Anpil nan devlopman nan Vil New York fèt [kòmsadwa](#). Yon fwa DOB satisfè estrikti yo pwopoze a respekte tout dispozisyon ki apwopriye nan Rezolisyon Zonaj ak Kòd Konstriksyon an, y ap bay yon pèmi konstriksyon epi konstriksyon an ap ka kòmanse. Pa gen okenn lòt aksyon k ap nesèsè.

Kijan yo modifiye zonaj?

Yo modifiye rezolisyon zonaj la lè sa nesese pou kenbe zonaj ajou nan yon vil k ap chanje vit ak pou respekte responsablite manman-lwa a bay Komisyon Planifikasyon Minisipal la (City Planning Commission, [CPC](#)) genyen “pou dirije planifikasyon ki gen pou wè ak kwasans, amelyorasyon, ak devlopman alavni vil la nan lòd.”

Tès sou Zonaj ak Modifikasyon nan Kat Zonaj yo

Yon tèks sou zonaj oswa modifikasyon nan kat zonaj yo se yon aksyon lejislatif ki swa pou tout vil la oswa yon zòn oswa distri zonaj espesifik. Li ka nesese pou pèmèt yon devlopman nan yon kote oswa nan yon konfigirasyon yo pa kounye a pèmèt, men ki avanse bon konsiderasyon politik, oswa ki ka enplike yon inisyativ nan tout vil la pou mete an plas nan politik piblik sou itilizasyon tè.

Yon modifikasyon nan tèks zonaj la gen ladan entwodiksyon nouvo tèks oswa chanjman tèks ki te deja nan Rezolisyon Zonaj la. Yon modifikasyon nan kat zonaj gen ladan chanjman deziyasyon zonaj sou kat zonaj yo.

Yon moun konsa oswa Minisipalite vil la gendwa pwopoze yon modifikasyon. Y ap ka adopte modifikasyon nan kat zonaj la sèlman apre yon pwosesis evalyasyon piblik, kote CPC ap bezwen apwouve li epi Konsèy Minisipal la dwe adopte li, jan sa etabli nan Manman-Lwa Vil la. Pwosesis evalyasyon piblik sa a rele Pwosedi Evalyasyon Inifòm Itilizasyon Tè (Uniform Land Use Review Procedure, [ULURP](#)), ki yon limit sou tan pou patisipasyon piblik la nan evalyasyon aksyon itilizasyon tè sou plan lokal ak tout vil la. Modifikasyon nan tèks zonaj yo swiv yon pwosesis konsa tou, kote CPC dwe adopte yo epi Konsèy Minisipal la dwe adopte li, jan sa etabli nan Manman-Lwa Vil la, men pa gen yon limit sou kantite tan CPC gen pou evalye li. Yo dwe evalye toude pou enpak sou anviwònman an tou.

Komisyon Planifikasyon Minisipal ([City Planning Commission, CPC](#))

Pèmi Espesyal CPC: Rezolisyon Zonaj la defini sikonstans kote yon devlopè ka aplike pou yon pèmi espesyal ki baze sou itilizasyon, pozisyon, gwosè oswa konsepsyon yon pwojè. CPC a, apre yon pwosesis revizyon konplè pou asire pwojè a satisfè kondisyon objektif yo ak lòt konklizyon sou enpak potansyèl pwojè a, ka bay yon pèmi espesyal pou modifiye itilizasyon, gwosè oswa kontwòl pakin pou yon pwojè espesifik. Pèmi espesyal CPC yo jeneralman mande anpil planifikasyon, yo ka mande yon odyans ak evalyasyon piblik, selon ULURP, epi Konsèy Minisipal la ka bezwen evalye yo tou.

Otorizasyon CPC: Rezolisyon Zonaj la gen ladan tou dispozisyon ki pèmèt CPC a, lè yon aplikan mande sa, pou modifiye sèten egzijans zonaj pou yon pwojè an patikilye apre yo fin detèmine yo te satisfè egzijans espesifik yo. Anjeneral, se CPC k ap deside si y ap bay otorizasyon, men, paske egzijans pou otorizasyon ekri klè tankou dlo kokoye nan Rezolisyon Zonaj la, y ap bezwen desizyon sa a nan men yo mwens pase sa ki pou yon pèmi espesyal CPC yo. Otorizasyon yo pa bezwen odyans piblik epi yo depann sou ULURP, men yo bezwen kòmantè kominote kominotè yo yon fason enfòmèl.

Sètifikasyon CPC: Kèk devlopman ki fèt kòm sadwa bezwen pou CPP oswa Prezidan PCP a sètifye, ak enfòmè DOB, yo te satisfè sèten regleman zonaj teknik. Sètifikasyon yo se aksyon ki pa diskresyonè paske yon sètifikasyon sèlman egzije pou satisfè egzijans aksyon pwopoze yo.

Koite Estanda ak Kontestasyon (Board of Standards and Appeals, BSA)

Pèmi Espesyal BSA: Rezolisyon Zonaj la delege [BSA](#) pou evalye ak bay pèmi espesyal pou modifikasyon ki jeneralman pi limite nan gwo ak enpak pase sa CPC evalye yo. Modifikasyon yo dwe satisfè konklizyon yo ki defini nan Rezolisyon Zonaj la. Pèmi espesyal BSA bay yo pa bezwen evalyasyon ULURP ak Konsèy Minisipal.

Varyans BSA: Si lè yo devlope yon teren an patikilye selon regleman zonaj ki genyen deja yo li pa t ap pratik epi li t ap bay pwopriyetè a gwo difikilte, BSA a ka akòde yon [varyans](#) nan dispozisyon itilizasyon aplikab ak gwo akòde yo nan mezi minimòm ki nesèsè. Pou detèmine sa, BSA a ap fè yon odyans piblik epi sèlman akòde varyans la si difikilte pratik oswa difikilte ki pa nesèsè a se sikonstans fizik inik ki lakòz li, epi se pa pwopriyetè a oswa moun ki te pwopriyetè avan li yo ki lakòz li, epi varyans la nesèsè pou jwenn yon retou rezonab nan pwopriyete a. Karaktè esansyèl katye a pa dwe chanje oswa deranje anpil, epi l pa dwe gen yon move enpak sou byennèt piblik la.